ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪАУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№53 (22.961) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, бзэржьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Наркотикхэм япэщІэтыным теухуа къэрал политикэр пхыгъэкІыныр къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ республикэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэр.

АБЫ хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щы-Іэм и аппаратым КЪБР-м къеГъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий А. И., КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. ТІ., Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ кІуэлыкъуцІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщі Сокъур О. Хь., къэрал кІуэцІ ІэхъухэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Васильев С. В., УФ-м Следствиемкі и комитетым Следствиемкі и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщі Устэ В. Хь., УФ-м Іэпхьуэщапхъэхэм я Іуэхухэмкі и федеральнэ кІуэлыкъуцІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр.

ЗэІущІэр къыщыдзэІуихым КІуэкІуэ Юрий жиІащ наркотикхэм ятхьэкъэрэр зэрыкъуэдым гуэдзэгъуэхэр кьэзэришэр. А щхьэхьыр зэзыхьэлІэхэр нэхъ мащІэ хъуркъым. Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэблэгъэкІыным пыщІа къуаншагъэхэр, къуаншагъэм кІыщымынэу щІэпхъаджагъэхэр къыщІэгъэщынымкІэ лъыплъынымкІэ управленэм и лэжьакІуэхэм 23-рэ къыщІагъэщырауэ аращ. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэ щымыІэжхэу къыщІагъэлъэгуащ Прохладнэ, Шэджэм, Шэрэдж районхэм.

Наркотикхэр зрахьэлІэу щІэзыдзагъащІэхэр къыщІэгъэщынымкІэ зэрелэжьми арэзы укъищІыркъым. Нобэм ирихьэлІэу балигъ мыхъуахэм ящыщу наркотикхэм ятхьэкъуаурэ тІу, «наркотикхэр пІалъэкІэрэ зэзыхьэлІэу» 23-рэ ятхуэу аращ. Апхуэдэ бжыгъэхэр уи фІэщ пщІыну гугъущ.

Псом хуэмыдэу цІыхухэр егъэгушаво наркотикхэм я лъэныкъуэкІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ щыІэ щытыкІэм, жиІащ КІуэкІуэ Юрий. Республикэм и Іэтащхьэм Правительствэм и пщэ ираль-хьащ наркотикхэм япэщІэтынымрэ абы хуэгъэзэ профилактикэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэнымкІэ программэр гъэзэщІэным теКІуэдзэну ахъшэр ирикъуу кьыгъуэтыну.

Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ Управленэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэр ягъэтэмэму зэрыщІадзэнум теухуауэ республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ зи кьалэнхэм епцІыжахэр къыщІэгъэщын икІи жэуапым еишэлІэн зэрыхуейр, ауэ ерыщагъэр пэжыгъэрэ зыхэлъ цІыхухэр зэрыІуМыкІыным егугъупхъэу зэрыщытыр.

Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэрызэблагъэкІыр къызэпыудынымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ зэІущІэм докладхэр щащІащ УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ и федеральнэ кІуэлыкъуцІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщі КІуэцІ Іэхъухэмкі министру КЪБР-м щыІэ Васильев С.В. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іухуущапі.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЯІэ ехъулІэныгъэхэм папщІэ икІи ильэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм къыхэкІыу

цІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхубэ художник» цІэр

Пащт-Хъан (Пащты) Алим Герман и къуэм - художникым, «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэр

Къашыргъэ Мадинэ Леонид и пхъум - «Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкі и къэрал институт» профессионалнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкІэ и колледжым и егъэджакІуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуэзджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Жариков Валерий Виктор и къуэм - художникым, «Урысейм и Художникхэм я союз» Урысейпсо творческэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Баший Ритэ Тыгъуэн и пхъум - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и операторым

Джаппуев Ахъмэт Аслъэнбэч и къуэм - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэм япэ категорие зиІэ и ІэщіагъэлІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм гъатхэпэм и 24-м
№39-УГ

Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэмрэ Театрым и дунейпсо махуэмрэ ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. а ІэнатІэхэм щылажьэхэм зэрызахуигъаззэр

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэмрэ Театрым и дунейпсо махуэмкІэ си гуапэу сыныбохьуэхъу.

Щэнхабзэм ди цІыхухэм я гъащІэм щиІэ мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыми псалъэхэм я нэхъыбапІэхэмрэ фІыщІэрэ хуэфащэщ. Къуажэм дэт щэнхабзэ унэм е библиотекэм фи кьулыкъур щефхьэкІми, театрым е музеим фыщылажьэми, абыхэм емылъытауэ, фэращ цІыхухэм зэхэщІыкІ лъагэ яхэзылъхьэр, абы пыщІа хъугъуэфІыгъуэ псор зэхуэзыхьэсыр икІи зыхъумэр. Фи эфІэкІымрэ зэчиймрэ я фІыщІэкІэ блэкІа лъэхъэнэхэм я хъугъуэфІыгъуэхэр нобэрей гъащІэм хэпща мэхъу, апхуэдэ лэжьыгъэм щІэблэкІ зэрыщІэныгъэр зэтрегъэувэ икІи щэнхабзэр зи лъабжьэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэнымкІэ Іэмалыщ1эхэр кьет.

Щыналъэ зэхуаку, къэрал зэхуаку зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьынымкІэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм егъэлеяуэ куэд зэфІагъэкІ. Республикэм и профессионалнэ творческэ гупхэм езыхэм я зэфІэкІымрэ зэчиймрэ Урысейми нэгъуэщІ къэралхэми я утыкухэм зэпэщу щагъэлъагъуэ, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ я хьэлэмэтагъыр дунейм псом хэлъщІыІу щащІ.

Быдэу си фІэщ мэхъу фи зэфІэкІыр, Іэзагъыр, творческэ къарур ди республикэм и духовнэ кьулеягъыр хэІущІыІу щІыным дяпэкІи зэрыхуэвнэтІынур.

Псоми сыныбохьуэхъу уэзышагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым и фІыгъуэр гъэбэгъуэным хуэгъэза творческэ ехъулІэныгъэщІэхэр къэфхьыну.

Щыналъэм и щылажьэхэм я щІэныгъэ-щІэныгъэ

Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Наркотикхэм япэщІэтынымкІэ республикэ комиссэм и зи чэзу зэІущІэр.

АБЫ хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щы-Іэм и аппаратым КЪБР-м къеГъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Вербицкий А. И., КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. ТІ., Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ кІуэлыкъуцІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщі Сокъур О. Хь., къэрал кІуэцІ ІэхъухэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Васильев С. В., УФ-м Следствиемкі и комитетым Следствиемкі и управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщі Устэ В. Хь., УФ-м Іэпхьуэщапхъэхэм я Іуэхухэмкі и федеральнэ кІуэлыкъуцІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэр.

ЗэІущІэр къыщыдзэІуихым КІуэкІуэ Юрий жиІащ наркотикхэм ятхьэкъэрэр зэрыкъуэдым гуэдзэгъуэхэр кьэзэришэр. А щхьэхьыр зэзыхьэлІэхэр нэхъ мащІэ хъуркъым. Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэблэгъэкІыным пыщІа къуаншагъэхэр, къуаншагъэм кІыщымынэу щІэпхъаджагъэхэр къыщІэгъэщынымкІэ лъыплъынымкІэ управленэм и лэжьакІуэхэм 23-рэ къыщІагъэщырауэ аращ. Апхуэдэ мыхъумыщІагъэ щымыІэжхэу къыщІагъэлъэгуащ Прохладнэ, Шэджэм, Шэрэдж районхэм.

Наркотикхэр зрахьэлІэу щІэзыдзагъащІэхэр къыщІэгъэщынымкІэ зэрелэжьми арэзы укъищІыркъым. Нобэм ирихьэлІэу балигъ мыхъуахэм ящыщу наркотикхэм ятхьэкъэрэр зэзыхьэлІэу» 23-рэ ятхуэу аращ. Апхуэдэ бжыгъэхэр уи фІэщ пщІыну гугъущ.

Псом хуэмыдэу цІыхухэр егъэгушаво наркотикхэм я лъэныкъуэкІэ еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ щыІэ щытыкІэм, жиІащ КІуэкІуэ Юрий. Республикэм и Іэтащхьэм Правительствэм и пщэ ираль-хьащ наркотикхэм япэщІэтынымрэ абы хуэгъэзэ профилактикэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьэнымкІэ программэр гъэзэщІэным теКІуэдзэну ахъшэр ирикъуу кьыгъуэтыну.

Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ Управленэм и лэжьакІуэхэм я бжыгъэр ягъэтэмэму зэрыщІадзэнум теухуауэ республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщхьэхукІащ зи кьалэнхэм епцІыжахэр къыщІэгъэщын икІи жэуапым еишэлІэн зэрыхуейр, ауэ ерыщагъэр пэжыгъэрэ зыхэлъ цІыхухэр зэрыІуМыкІыным егугъупхъэу зэрыщытыр.

Хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэрызэблагъэкІым къызэпыудынымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм теухуауэ зэІущІэм докладхэр щащІащ УФ-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъынымкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и унафэщі КІуэцІ Іэхъухэмкі министру КЪБР-м щыІэ Васильев С.В. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іухуущапі.

Гу зылъытапхъэ

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщІащІэпхьаджагъэхэр зэралажьэм е ялажьыну зэрызагъэхьэзырым фыщыгъуаззэмэ, кьызыбгъэдэкІыр кьэвмыгъэлъагъуэу, апхуэдэ хьыбарыр centrskfo@mail.ru сайтым ифлъхьэ, 360003, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Нэгуэмэ и уэрам, 49. УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі и министерствэм и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм Экстремизмэм пэщІэтынымкІэ и центр адресымкІэ пощткІэ евгъэхь е 8-800-200-02-21 телефонымкІэ фыпсалъэу яжефІэ хъунущ.

Зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ

УФ-м и Правительствэм бюджетым щыщу сом мелард 1.6-рэ хухихащ хьэрычэт Іэнатіэ мыиным зыщІэгъэкъуэным.

«Экономикэ зыужьыныгъэмрэ щІэм тету яунэтІ экономикэмрэ» къэрал программэм щыубзыхуахэр я лъабжьэу, а ахъшэр трагуэшэнущ нэхъ зыхуэфащэу къалъытахэм. Нэхъыбэу ар зытрагъэкІуэдэну жыхуаІэр бизнес-инкубаторхэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщыныщ, ахэр я пэщащэ псомкІи лажьэу зэтрауэхуэныщ.

Правительствэм и Унафэщі Медведев Дмитрий апхуэдэуи арэзы теХъуащ Промышленностымрэ сатумкІэ министерствэм къыхилъхьа жэрдэмхэми. Абыхэм ябгъ иткІэ сом мелард 25-рэ хухахынущ къэралым и автомобиль промышленностыр щытыкІэ гугъуэм къишыным.

Президент къулыкъум папщІэ «къыззэдэжэнухэр»

США-м зи чэзу президент хэхыныгъэхэр щыщекІуэкІынур 2016 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэрами, а Іуэхум зыхуэгъэхьэзырыным яужь ихьакІэщ. Уеблэмэ кандидатхэри утыку къыхьэу хуежьащ.

А къулыкъум хуэзпещэхэм ящыщу и кандидатурэр псом ящэу къыгъэлъэгъуащ Республиканскэ партым и лІыкІуэу Сенатым хэт Круз Тед. Абы и адэр Кубэм къыщалъхуащ, и анэр Америкэм щыщщ.

Илъэс 44-рэ зи ныбжь политикыр ящыщщ иджырей президент Обамэ Барак и Іуэху зехьэкІэхэр зигу ирамыхьэм, абы хуабжьу хуэзшхыдэхэм. Псом хуэмыдэу ар тКІийуэ тепсэлъыхьащ къэрал унафэщІым узынщагъэр хъумэн Іэнатіэм щригъэкІуэкІа зэхъуэкІыныгъэхэм.

А парт дыдэм щыщ цІыхуипщІ хуэдиз яхьихьэну хуагъэфащэ президент къулыкъум папщІэ «къызэздэжэнухэм». Абыхэм ящыщу я цІэ къраІуэ Флоридэ, Нью-Джерси, Висконсин штатхэм я губернаторхэу Буш Джеб (США-м и президенту щыта зэадэзэкъуэ Бушхэм я унагъэм щыщщ), Крис Кристи, Скотт Уокер сымэ. Демократхэм я партым къигъэлъэгъуэну кандидатхэм ящыщу нэхъ лъэщу къалъытэр къэрал секретарю щыта Клинтон Хилларирэ иджырей вице-президент Байден Джозефрэщ.

Абыхэми я мызакъуэу, нэгъуэщІ куэди щІэкъунущ къэралым и унафэщІ къулыкъум, уеблэмэ, политологхэм къызэралъытэмкІэ, куэдым кьахуэгъэсыркъым Обамэ и президентыгъэ пІалъэр щичынур.

♦ООН-м и лэжьакІуэхэу гъэру яІыгъхэм, хьыбарыншэу кІуэдхэм къажьэщІыжыным и дунейпсо махуэщ

♦ЦІыхур гъэпщылІынымрэ щхьэхуимытхэмкІэ сату щІынымрэ я лей зытехьахэм я дунейпсо махуэщ

♦Спорт кином и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапІэ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦Украинэм шынагъуэншагъэмкІэ и Іэнатіэм и махуэщ

♦Алыдж къэралыгъуэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦1940 гъэм Тегеран Іэ щытрадзащ Иранымрэ СССР-мрэ сату Іэнатіэм, генджэзым щыздзэлъежьэным теухуа зэгурыІуныгъэм.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Хъыбар гуапэ

Кипкеев Борис къэрал дамыгъэ къыхуагъэфащэ

УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указымкіэ «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденым етІуанэ нагъыщэ зиІэ и медалыр къратащ УФ-м и ТАСС агентствэм щыналъэ хъыбарыщІэхэмкІэ и Іэнатіэм и лІыкІуэ хэхуэ Кавказ Ищхьэрэм щыІэ Кипкеев Борис. ТАСС-м и лэжьакІуэ 12-м яхэту абы дамыгъэ лъапІэр къыхуагъэфащащ къэралым и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэхэм зегъэужьынымкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ.

ДИ хэкуэгъу Кипкеев Борис Геннадий и къуэр 1969 гъэм кьалъхуащ. Мичуринск къалэм дэт къэрал педагогическэ университетым филологиемкІэ и факультетыр 1993 гъэм къиухащ. ИТАР-ТАСС агентствэм 1995 гъэм щегъэжьауэ стажеру, корреспонденту, специальнэ корреспонденту, обозревателу щылэжьащ. 1990 гъэм щыщІэдзауэ редакцэм и унафэщІщ. 2003 гъэм ар ИТАР-ТАСС агентствэм хьыбарыщІэхэмкІэ и Іэнатіэм и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу, 2006 гъэм щыщІэдзауэ «ТАСС-ЦЕНТР» жылагъуэ-политикэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэу щытащ. 2013 гъэм ТАСС-м и лІыкІуэ хэхуэ Кавказ Ищхьэрэм къагъэкІуащ, 2014 гъэ лъандэрэ ТАСС-м и генеральнэ директорым и чэнджэщагъуащ, ТАСС-м и лІыкІуэ хэхуэ Кавказым щыІэщ. Журналистхэм я «Кавказым и ныбжьэгъуэхэр» клубым, Урысейм и цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущапіэ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ зыхьэхьэм, и тхьэмадэщ.

● Дыгъуасэ

Зи нэхъыжь зыгъэлъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ йохуэ

Гъатхэпэм и 24-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэ къызэрыщытхьэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу абы щагъэлъэпІащ зауэм, лэжьыгъэм я ветеран нэхъыжь Іумахуэхэр.

ЗЭІУЩІЭР фІэхъускІэ къызэІуихащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ.**

- Хэку зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъу гъэр ди дежкІэ лъапІэщ. Дэ а зауэм и ветеранхэм щІэхьэныгъэ даІуощІэ, зи унэ дыщылажэри яхэтщи, сыщогугъ мызэмытІэу дыззэхуэзэну, ТекІуэныгъэм и махуэр илъэс куэдкІэ дгъэлъапІэу дыкъыззэдекІуэкІыну. ТекІуэныгъэ р къыщытхьа махуэр хьэрэ и махуэ лъапІэ дыдэхэм ящыщщ. Фэ нобэрей щІэблэм, абыхэм къащІэхъуэнухэм мамырыгъэ кьахуэзэуащ, ди Хэкур нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм ящыфхъумащи, иджыри зэ фІыщІэ фхуэощІ зауэ, зауэ нэужь зэман хьэлъэм зефхьа лІыхъужьныгъэм, нобэ къыдэкІуэтей щІэблэм фращапхъэу, фращапщІу, хэку лъагукІэм и щапхъэу фыззэрыщытым папщІэ, - захуигъэзащІ абы къызэхуэсахэм.

ЩІэблэр хэкупсэу гъэсэным хуащІ хэлъхьэныгъэм папщІэ, ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щыхьклІэ КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъхэр ираташ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэу Белан Юрэ, Булгаков Иван, Герасименкэ Нинэ, Эдыбский Иван, Кьанщауэ Мусэбий, Кастарнов Василий, Макаров Виктор, Марченкэ Сергей, Ульбашев Хусей, Хочиев Магомет, Чеченов Залымхъан, Цыбин Петр, Шайн Владимир, Ширшовэ Аннэ сымэ.

Граждан жылагъуэ Іэхъущапіэхэм зегъэужьынымрэ кьыдэкІуэтей щІэблэм хэку лъагэныгъэ я гум кьыщыгъэуушынымрэ зи зэфІэкІ езыхьэлІэ Щыхъуэбахъуэ Мухьэмэд КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьилъыр ираташ.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Бозий Натбий** хэкур зыхъумахэм фІыщІэ яхуиІащ. Апхуэдэуи абы жиІащ нэхъыжьхэм зэрахьа лІыгъэмрэ къагъэлъэгъуа пэжыгъэмрэ щыхуэхэм зэм зэращымыгъупщэнур, абыхэм сыт щыгъуи щІыхьрэ пщІэрэ зэралэнур.

Ветеранхэм яхуэгъэза псалъэ гуапэхэр зэІущІэм щыжаІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ1экІэ зэщІэуэзда къаруэмрэ хабзэхъумэ Іуэхущапіэхэмрэ я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд** сымэ.

Зауэм теухуа уэрэдзэмкІэ, къафэхэмкІэ зэІущІэр ягъэдэхащ КЪБКЪУ-м и «Амикс» гупым.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Адыгэшрэ лІы бэшэчрэ.

● Зэіущіэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг хадэхэр щызыгъэкІхэм къэралыр ядоІэпыкъу

Жыг хадэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ хуэгъэзауэ къуажэдэсхэм хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэр къызэрагъэпэщыным пыщІа Іуэхуэхэм хэплъэну и къалэнщ ведомствэхэм здэайуэ Правительствэм и унафэкІэ ящыІэнымкІэ къащта комиссэм. Абы хэтщ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм я лыкІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, банк Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр, республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр. Комиссэм и унафэщІу ягъэуващ Сфэрбий Жыг хадэхэр щызыгъэкІхэм я ассоциацэм и вице-президент Къаздэхэу Альберт.

КОМИССЭМ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Дадэ МуІэед. Къызэхуэсахэм я пащхьэ абы щыжиІащ: «Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм хуигъэуващ жыг хадэхэм зегъэубгъуным, пхъащхьэмащІхэр иджыпей хадэхэм къадэкІуэу, бгылъэ щІыпІэхэми щыгъэкІыным ехьэлІа Іуэхуэхэм зэпльэну. Мы Іуэхум зыубгъуэуз къыхэшэн хуейщ мэкъумэш кооперативхэмрэ уней лъапсэхэр зезыхьэ къуажэдэсхэмри. Фи комиссэм и къалэнщ дэтхэнэ муниципальнэ щІыналъэми и зэфІэкІхэр тэмэму къилъытэну икІи жыг хадэхэм зегъэубгъунымкІэ лэжьыгъэхэр зэманкІэрэ зэпыдауэ зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэр иубзыхуну».

Комиссэм и унафэщІ Къаздэхэу Альберт къыхигъэщъхэхуІащ жыг хадэхэр зехьэнымкІэ КъБР-м зэкІыпІэшхуэхэр зэриІэр. «Дызыхуеину Іэмалхэр щыІэ зэрыхъуам къыхэкІыу жыг хадэхэр хэсэным текІуадэри пхъэщхьэмыщхьэм и къэлэжьыпщІэри льагэу щытынукъым. Ди продукцэм и фІагъым и гугъу пщІымэ, абы и лъэныкъуэкІэ къыдэнькъуэкъуфынуну къралым щыналъэ куэд щыІэкъым. Нобэм щыщІэдзауэ дэ дгъэкІ пхъащхьэмыщхьэр ди гъунэгъу щыналъэхэм ямызакъуэу, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Уралым щащэ. Дэ пхъащхьэмыщхьэр сату Іуэхущіапіэхэм илъэс зыбурейм яхуедгъэшэфынущ, сыту жыпІэмэ ар зыхуэёи хуэзэу щытхъумэн Іуэхущіапіэхэр здгъэпэщащ»,- жиІащ Къаздэхэу Альберт.

ЗэІущІэм и кІэухым къыщыщыпсалъэм Дадэ МуІэед къыхигъэщхьэхуІащ республикэм и щыналъэр жыг хадэхэр гъэкІыным тэмэму зэрыхуэщІам къыдэкІуэу, а Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ къэралым и дэІэпыкъуныгъэр икъукІэ сэбэпышхуэ зэрыхьэр: «Жыг хадэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ трагъэкІуэдэн папщІэ 2015 гъэм республикэм федеральнэ бюджетым и ахъщэу сом мелуани 134-рэ, жыг хуэ хадэхэр къратхъыжыным трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуан 12-м щІигъу къыхуаутІыпщынущ».

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Політикэ партхэм

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей»: зэфІагъэкІахэм хоплъэж

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щыналъэ къудамэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа конференцым къыщапщытэжащ отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу абы зэфІигъэкІахэр. Апхуэдэу конференцым щыхахащ партым и щыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и советым и унафэщІыр. А къулыкъур хуагъэфэщащ Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэм.

ЩІЫНАЛЪЭ къудамэм и Іэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Анзорей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэм иужькІэ абы къиухащ Кавказ Ищхъэрэ металлургическэ институтым и ухуакІуэ факультетыр, КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэу Ростов къалэм дэтар. Геолого-минералогие щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Кебеков Владимир КъБР-м и къуажэхэм ухуэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ трестым гъуэгі-бетон пкъыгъуэхэр къыщІэзыгъэкІ и заводым рабочэу лэжьэн щыщІидзащ. Дзэм щыщІа лъэхъэнэм аз «Байконур» космодромыр зыуухуэхэм яхэтащ икІи мастеру, прорабу щытащ. Дзэм кІыхьэ нэужь псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм хиубыдэ къулыкъу зыбжанэ зэрихьащ. 1977 гъэм щегъэжьауэ 1982 гъэм нэсыху Налшык къалэм псэупІэ хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ.

1982 гъэм Кебеков Владимир КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым ухуэныгъэмкІэ и къудамэм и инструктору ягъэуващ. 1985 гъэм ар Министрхэм я Советым хагъэхьэри, республикэм гъэсныпхъэ промышленностымкІэ и управленэм и унафэщІу ягъэуващ. А управленэр Къэбэрдей-Балъкъэр щыдагъэ гъэсныпхъэ акционер зэгуэныгъэ ящІа нэужь а Іэнатіэм и унафэщІу 2007 гъэм нэсыху лэжьащ.

Абы «УФ-м щыхь зиІэ и энергетик», «Урысейм щыхь зиІэ и ухуакІуэ», «УФ-м Гъэсныпхъэ-энергетикэ промышленностымкІэ и министерствэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыфІащащ, апхуэдэу КъБР-м, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм, Осетие Ищхэм я щыхь дамыгъэхэр, жылагъуэ наградэ зэмыліужьыгъуэу 12 къыхуагъэфэщащ. Ар Налшык къалэ советым и депутату тІэуэнейрэ хахащ, КъБР-м и Парламентым и 3-нэ, 4-нэ, 5-нэ хэхыгъуэхэм я депутатщ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и Депутатхэм я палатэм и совет нэхъыщхьэм хэтщ.

● Зэіущіэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг хадэхэр щызыгъэкІхэм къэралыр ядоІэпыкъу

Жыг хадэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ хуэгъэзауэ къуажэдэсхэм хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэр къызэрагъэпэщыным пыщІа Іуэхуэхэм зэплъэну и къалэнщ ведомствэхэм здэайуэ Правительствэм и унафэкІэ ящыІэнымкІэ къащта комиссэм. Абы хэтщ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм, Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ министерствэм я лыкІуэхэр, щІэныгъэлІэхэр, банк Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр, республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр. Комиссэм и унафэщІу ягъэуващ Сфэрбий Жыг хадэхэр щызыгъэкІхэм я ассоциацэм и вице-президент Къаздэхэу Альберт.

КОМИССЭМ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Дадэ МуІэед. Къызэхуэсахэм я пащхьэ абы щыжиІащ: «Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий КъБР-м и Правительствэм хуигъэуващ жыг хадэхэм зегъэубгъуным, пхъащхьэмащІхэр иджыпей хадэхэм къадэкІуэу, бгылъэ щІыпІэхэми щыгъэкІыным ехьэлІа Іуэхуэхэм зэплъэну. Мы Іуэхум зыубгъуэуз къыхэшэн хуейщ мэкъумэш кооперативхэмрэ уней лъапсэхэр зезыхьэ къуажэдэсхэмри. Фи комиссэм и къалэнщ дэтхэнэ муниципальнэ щІыналъэми и зэфІэкІхэр тэмэму къилъытэну икІи жыг хадэхэм зегъэубгъунымкІэ лэжьыгъэхэр зэманкІэрэ зэпыдауэ зэрырагъэкІуэкІыну щыкІэр иубзыхуну».

Комиссэм и унафэщІ Къаздэхэу Альберт къыхигъэщъхэхуІащ жыг хадэхэр зехьэнымкІэ КъБР-м зэкІыпІэшхуэхэр зэриІэр. «Дызыхуеину Іэмалхэр щыІэ зэрыхъуам къыхэкІыу жыг хадэхэр хэсэным текІуадэри пхъэщхьэмыщхьэм и къэлэжьыпщІэри льагэу щытынукъым. Ди продукцэм и фІагъым и гугъу пщІымэ, абы и лъэныкъуэкІэ къыдэнькъуэкъуфынуну къралым щыналъэ куэд щыІэкъым. Нобэм щыщІэдзауэ дэ дгъэкІ пхъащхьэмыщхьэр ди гъунэгъу щыналъэхэм ямызакъуэу, Москва, Санкт-Петербург къалэхэм, Уралым щащэ. Дэ пхъащхьэмыщхьэр сату Іуэхущіапіэхэм илъэс зыурейм яхуедгъэшэфынущ, сыту жыпІэмэ ар зыхуэёи хуэзэу щытхъумэн Іуэхущіапіэхэр здгъэпэщащ»,- жиІащ Къаздэхэу Альберт.

ЗэІущІэм и кІэухым къыщыщыпсалъэм Дадэ МуІэед къыхигъэщъхэхуІащ республикэм и щыналъэр жыг хадэхэр гъэкІыным тэмэму зэрыхуэщІам къыдэкІуэу, а Іэнатіэм зегъэужьынымкІэ къэралым и дэІэпыкъуныгъэр икъукІэ сэбэпышхуэ зэрыхьэр: «Жыг хадэхэр хэсэнымрэ зехьэнымрэ трагъэкІуэдэн папщІэ 2015 гъэм республикэм федеральнэ бюджетым и ахъщэу сом мелуани 134-рэ, жыг хуэ хадэхэр къратхъыжыным трагъэкІуэдэн папщІэ сом мелуан 12-м щІигъу къыхуаутІыпщынущ».

САМЧЕНКЭ Светланэ.

● Політикэ партхэм

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей»: зэфІагъэкІахэм хоплъэж

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щыналъэ къудамэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа конференцым къыщапщытэжащ отчёт лъэхъэнэм къриубыдэу абы зэфІигъэкІахэр. Апхуэдэу конференцым щыхахащ партым и щыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и советым и унафэщІыр. А къулыкъур хуагъэфэщащ Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэм.

ЩІЫНАЛЪЭ къудамэм и Іэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Анзорей къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапІэм иужькІэ абы къиухащ Кавказ Ищхъэрэ металлургическэ институтым и ухуакІуэ факультетыр, КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэу Ростов къалэм дэтар. Геолого-минералогие щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Кебеков Владимир КъБР-м и къуажэхэм ухуэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ трестым гъуэгі-бетон пкъыгъуэхэр къыщІэзыгъэкІ и заводым рабочэу лэжьэн щыщІидзащ. Дзэм щыщІа лъэхъэнэм аз «Байконур» космодромыр зыуухуэхэм яхэтащ икІи мастеру, прорабу щытащ. Дзэм кІыхьэ нэужь псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм хиубыдэ къулыкъу зыбжанэ зэрихьащ. 1977 гъэм щегъэжьауэ 1982 гъэм нэсыху Налшык къалэм псэупІэ хозяйствэмкІэ и управленэм и унафэщІу щытащ.

1982 гъэм Кебеков Владимир КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым ухуэныгъэмкІэ и къудамэм и инструктору ягъэуващ. 1985 гъэм ар Министрхэм я Советым хагъэхьэри, республикэм гъэсныпхъэ промышленностымкІэ и управленэм и унафэщІу ягъэуващ. А управленэр Къэбэрдей-Балъкъэр щыдагъэ гъэсныпхъэ акционер зэгуэныгъэ ящІа нэужь а Іэнатіэм и унафэщІу 2007 гъэм нэсыху лэжьащ.

Абы «УФ-м щыхь зиІэ и энергетик», «Урысейм щыхь зиІэ и ухуакІуэ», «УФ-м Гъэсныпхъэ-энергетикэ промышленностымкІэ и министерствэм щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэхэр къыфІащащ, апхуэдэу КъБР-м, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм, Осетие Ищхэм я щыхь дамыгъэхэр, жылагъуэ наградэ зэмыліужьыгъуэу 12 къыхуагъэфэщащ. Ар Налшык къалэ советым и депутату тІэуэнейрэ хахащ, КъБР-м и Парламентым и 3-нэ, 4-нэ, 5-нэ хэхыгъуэхэм я депутатщ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и Депутатхэм я палатэм и совет нэхъыщхьэм хэтщ.

● Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу

Топгъауэ хахуэ

Мы тхыгъэм и гугъу щыфхуэсщынщ зенитчик-топгъауэ, гвардием и старшина БатІитІэ Сыхьэтджэрий Елбэздыкъуэ и къуэм и зауэ гъуэгухэм.

1918 гъэрт. Граждан зауэр и гуащІэгъуэу екІыцІыр. Гъатхэр кьихьа пэтми, махуэр щыІэбжьт. Елбэздыкъуэ и щхьэгъусэ Баринэ ильэситІым ит и щІалэ щыкІур и куэщІым ису жьэгу мафІэм зрагъэууэ здэщысым, Дзэ Плъыжьым хэт сэлэт гуэр шууэ, и фочыр и щыбым идзауэ, сэшхуэр и бгъуитІымкІэ елэхъуэ и бжэІупэм къыІульэдащ.

- Елбэздыкъуэ! - кьэйауащ щум и макъыр. Унагъуэм и нэхъыжьыр зэрыщІэкІыну кьищІащ зыгуэр ящІэхьэрыхуэр. Щыр ижьырабгъумкІэ епсыхри кьыбгъэдыхьащ. Абы кьикІырт гуэзвэгъуэ зэрыщыІэр. ЗауэлІым унагъуэр кьищІыхурти, Елбэздыкъуэ къыжриІащ Баринэ и дэлъху Шурдым ТІэмашэ КъармэзбгъэлъхьэкІэм дежи белоармейцым зэрыщаукІар. ТІэмашэ щэрихьэтыдзэм хэту революцэм и телъхьэу зауэхэм ящыщт.

Унагъуэм щхьэкІуэ кьахуэкІуар псынщІэу и шым щэсыжри дэкІыжащ.

Къэхуэр нэщхьеягъуэр унагъуэм я гум щІыхьати, нэпс мащІи щІагъэкІакъым. Ауэ «зыр лІэкІэ адрейм зилІэкрэ» жьыхуаІэрати, гуауэр я гум дагъэхуащ.

Сыхьэтджэрий щыщІалэ цІыкІум щыгъуэ и анэ Баринэ куэдрэ жилэжу зэхихат ТІэмашэ тхьэмыщкІэм и хьыбархэр, щхьбэм я насыпым папщІэ и гъащІэр зэритар. ИужькІэ, зэман кэуд дэмыкІыу, унагъуэм етІуанэ нэщхьеягъуэ къалъэІэсащ: Сыхьэтджэрий и адэ Елбэздыкъуэ дунейм ехьжащ. Адэншэу къэна сабиитхур пІыныр Баринэ и пщэм къыдэхуащ икІи пхужьмыІэнэм хуэдизу гугъуехь куэд пылъу ахэр къигъэтэджащ. Ауэрэ зэманри кІуащ, бынхэри къыдэкІуэтеящ, яхуэзэфІэкІымкІэ анэм щІэгъэкъуэн хуэхъуэхэщ. Я щІалэ нэхъыжь Мухьэмэдри, нэхъыщІэ Сыхьэтджэрии балигъыпІэ йоувэ, итІанэ Баринэ и гугъуехьри нэхъ мащІэ мэхъу.

1938 гъэм Сыхьэтджэрий Дзэ Плъыжьым кьулыкъу щищІэну щраджам, и анэм бынхэр зэхуишэри, и щІалэм и гур хуигъэдахэу яжриІащ: «Тхьэм гъуэгу махуэ тригъэувэ. Си щІалэ, жьІэдаІуэу яхэт, нэхъыжьхэм я щапхъэм тет, уэхъэтым зякъыкІэрымыгъэху». Абдежым Іэплі Іэ зэхуащІыжри, анэм и нэпсхэр кьеткІухащ, гъуэгу теувэм абы иужькІэ сэлам ирахьжащ я къуэш нэхъыжь Мухьэмэд, и шыпхъуэу Шэмсият, Къарэпагуэ, Къалэгуащэ, абы кърихьэлІа и Іыхьлыхэм, я гъунэгъухэм.

Украинэм и Житомир областым щыщ Воруч къалэм щынэсам, Сыхьэтджэрий и анэм письмо кьыхуитхащ: «Ди анэ, гъуэгуанэр зэпэщу зэфІэкІащ, кьулыкъу щытщІэну щыпІэм дыкъэсащ, уэ кьыжеІа псальэхэр сэ згъэзэщІэнщ, зэи фызгъэкІытэнкъым», - жиІэу итІ.

Абы и къуэкІытакъым и анэри, кьыдалъхуахэри, и щхьэри - и псальэхэр игъэпэжащ. ЩыдзэкІа гъэм кьыщыщІэдзауэ ильэситІкІэ дзэм хэтати, и кьулыкъур тэмэму, щапхъэ и гъэлъапІэгъуэу, и цІэр фІыкІэ кьаІэту кьрихьэжащ. Ар жьэджэру хэтащ белофиннхэм кьыдащІыІа заузми, иужькІэ нэхъ Іэнатіэ гугъуэхэри зэпичащ. 1941 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 22-м Германием и фашистыдзэхэр щэхуу ди къэралым къыщытеуам, БатІитІэм дзэм кьулыкъу зэрыщищІэн хуей ильэсищыр и кІэм нэсат, ауэ Хэку зауэшхуэр къэхъеяти, къэмыкІуэжу кьэнащ, икІи 1946 гъэ пщІондэ щыІащ.

Зауэр щыщІидза зэманым БатІитІэр зыхэта зенит-топгъауэ дзэ гупыр, Киев къалэм пэмыжьыжьэу щытащ. А гъэм, адрей ди зауэлІ псоми хуэдэу, абы и нэгуі щІэкІащ, гугъуехь Іэджэми Іууащ. Абыхэм ятеуухуэу езым мыпхуэдэу кьиуэтэжат:

- Хэку зауэшхуэм хэта псоми гугъуехь куэд ягъэващ, ди нэгу щІэкІам щІэ иІэкъым, зы махуэм тльэгъуар зы тльпъ из хуэдиз хьунущ. 1941 гъэ хьэлъэ дыдэт, бийр сыт и лъэныкъуэкІи хуэщІауэ, Іэщэ-фащэкІэ, техникэкІэ фІыуэ зэщІэуэзэдауэ кьежьати, кьыдэбгъэрыкІуэ зэпытт. Дзэр зауэ гъащІэ етщІыпІэурэ дыкъынкІуэтырт. Зэи сщымыгъупщэжьну си гум кьинащ. Конотоп деж щекІуэкІа зауэр. Фашистхэм кьару лъэщ кьрашэлІат, кьикІуэт советыдзэхэр кьаучъэрехьурэ зэхакъутэн мурад яІэу. Дэри фІыуэ кьыдгурыІуэрт дыбзэлрыгъэ зэрымыхьунур. Нэхъыщхьэр - бийм удын еддзурэ зэкъуэту, хэщІыныгъэшхуэ диІ. МыІэу дыкъикІуэтынущ. Жэщ гуэрым нэмыцэ десант ди дзэ гупым и щІыбагъым кьыщагъэтІысауэ хьыбар кьытІэрыхьащ. Псыежэх гуэрым дыкъикІын хуейт. А щІыпІэм деж зы лъэмыж закъуэт телъыр. Дэ унафэ кьыпІэрыхьащ ди дзэкэр а лъэмыжым икІыну, бийр щІыпІэмкІи хьэуамкІи кьрамыгъэкІуэлІэну. А кьалэныр зенит батареехэм я пщэ кьралъхьат. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкІ хьуауэ дэ къэтлъэгъуащ ди ипщэрабгъу лъэныкъуэмкІи фашист десант гупитІ кьебгъэрыкІуэу. ТанкеткІэхэр бгъу лъэсыдзэхэм я пэтми, я топхэр, миномётхэр зэпымыууэ кьыпхуэхуэрт. Ди командирым и унафэм щІэту ди батареем и зенит-топ псори зэуэ бийм яхэуэу щІадзащ. Дакъикъэ зыбгъупщІым кьриубыдэу нэмыцэ танкеткІэхэр дгъэсащ, фашист лъэсыдзэр гуэдз пхырым хуэдэу щІэдгъэлъэлъащ. А псори Іупщіу щыпІэкъ

● Гъатхэпэм и 25-р Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я урысейпсо махуэщ

Лъэпкъхэр зэкъуэзыгъэувэ

УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Соколов Александр 2007 гъэм къыхилъхьауэ щытащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэ ягъэувыну. А илъэс дыдэм щыщхьэуIуэм и 27-м УФ-м и Президентым Iэ щIидзащ «Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэм тещыхьауэ» Указ №1111-м. Абдеж щегъэжьауэ гъэ къэс гъатхэпэм и 25-м Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр ягъэлъапIэ.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэу ялъытэ щэнхабзэм, гъуаздджэм, кинематографием, полиграфием, тхылъ къыдэгъэкIыным, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм, спортым, туризмэм пыщIа цIыхухэр. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым цIыху мелуан нокIуэм щигъу хэтщ.

Зи Iэщlагъэм хуэIэижь, щэнхабзэм илъэс 15 нэхъapэ мынэхъ мащIэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа, къэрал властым и органхэм къабгъэдэкIыу дамыгъэхэмрэ фIыщIэ, щIыхь тхылъхэмрэ зрата лэжьакIуэхэм къэралым е республикэм къыбгъэдэкIыу хуагъэфащэ «Щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

Нобэрей махуэр щэнхабзэмрэ гъуаздджэмрэ я лэжьакIуэхэм пщIэ щыхуащI, абыхъэм къэралым и хъугъуэфIыгъуэхэр зэрахъумэр, зэрагъэбагъуэр, а Iэнатlэм зэрызрагъэужьыр, зэрыгагъэфIакIуэр хъыщIалъытэ махуэщ. Щэнхабзэм дэтхэнэ зы цIыхуми Iэмал ирет къэралым зэрыщыщыр зыхихщIэну, абы лъэпкъхэр, щIэблэр зэкъуегъэувэ, жылагъуэм зрегъэужь.

«Лойхтенбургские фарфоровые миры» Iуэхум хыхъэу, Германием и Лойхтенбург музеим 2015 гъэм гъатхэпэм и 20-м япэу щагъэлъэгъуащ метрий зи лъагагъ, дуней псом нэхъ ин дыдэу къыщIалъыта фарфор вазэр. Лэжьыгъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIар Урысейм и сурэтыщI, ди лъэпкъэгъу Пащт-Хъан Алимщ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Германием и Торингие къалэм 2011 гъэм проект Iэ лэмэт къыщыхалъхьащ, дуней псом и вазэ нэхъ ин щIыным теухуауэ. Люксембург и фарфор музейм ирагъэблагъэри, Пащт-Хъан Алим а лэжьыгъэр къыхуагъэфэщащ. Музеймэ зы пэшышхуэ къыпащIыхьащ ар щагъэувын мурадкIэ. Алим лэжьыгъэм и эскизэр игъэхьэзырри, фарфорым къыхэщIыкIа скульптурэшхуэр ищIащ. Абы и лъагагъыр метрий, и бгъуагъыр зы метррэ ныкъуэрэ мэхъу. Вазэ тельыджэр къыхищIыкIащ дэтхэнэ зыри килограммипII хъу фарфор кIанэ 360-м. Фарфорхэр сыхьэт 12-кIэ къыщигъэплъащ градус 1380-рэ зыIыгъ хьэкум. Алим сурэтхэр абы трищIыхьыжащ. АбыкIэ скульпторым къигъэлъэгъуащ фарфорым къыхэпщIыкIыфыну хьэпшыпыр зыхуэдэр. А лэжьыгъэм илъэсипщIым щIигъукIэ Алим пэрытащ. «ГъащIэмрэ щIыуэпсымрэ я тхыдэр къэзгъэлъэгъуэну си мурадащ. Вазэм къыщIэзгъэлъэгъуащ дунейм и къежьапIэр», - жиIащ Алим.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий сурэтыщIым хуигъэхьа хъуэхъум итщ: «Уи хэкуэгъуэхэр дрогушхуэ нэгъуэщI щIыналъэхэм щекIуэкI гъэпсэгъуэныгъэхэм, щэнхабзэ зэхъуэхэкIи уи лъэпкъым, укъыщыхуэа къэралым, республикэм я пщIэр пIэту узэрихэтым».

Курыт еджапIэмрэ сабий художественнэ школымрэ Налшык къыщиуха нэужь, Пащт-Хъан Алим 1989 гъэм щыщIэдзауэ 1994 гъэ пщIондэ Красноярск къалэм и къэрал художественнэ институтым живописымрэ графикэмкIэ и къудамэм щеджащ. Литографиемрэ ксилографиемрэ ятриухуа и дипломыр Красноярск щыпхигъэхьа Художественнэ институтым литографием хуригъэджэну абы къагъэнэжащ. ХудожественнэмкIэ Урысей академием и лъэщапIэм щылажьащ. Алим и адэр УФ-м и цIыхубз, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Художественнэмкlэ урысей академием и член-корреспондент, ЩIДАА-м и академик, Красноярск ксилографиемкIэ щIэ студием и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI, Художественнэмкlэ урысей академием и академик, профессор Пащты Германщ.

1999 гъэм Алим Германием и Галли къалэм гъуазджэхэмрэ дизайнымкIэ щIэ школ нэхъыщхьэм скульпторхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щеджащ (1999 - 2002 гъэхэм). А школ дыдэм медиа-артым, скульптурэм, графикэм зыщыхуигъэсащ. Галли къалэм щIэ Геттинген институтым щылажьэну ирагъэблагъащ. 2007 гъэм щыщIэдзауэ сурэтыщIыр Галли щопсэу икIи щолажьэ.

Къэбгъэлъэгъуэмэ, Алим япэу къызэрыщIидзар графикэращ. Иужькlэ офорт, литографие, ксилографие, керамикэ лIэужьыгъуэхэри къигъэIэрыхуащ. Видеоинсталляцэм теухуа лэжьыгъэ зэхэсымэт игъэхьэзыращ абы, фарфор скульптурэхэри хэту. Къапщтэмэ, фарфорым зэрелэжьрэ илъэсипщI мэхъу. Лейбцих къалэм Керамикэмкlэ и музей цIэрыIуэм щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм скульптурэм теухуа и видеоинсталляцэхэр хагъэхьащ. КъищынэмыщIауэ, фарфорым къыхэщIыкIа и скульптурэр музей бжэIупэм щагъэуващ.

Алим езым и закъуэри нэгъуэщIхэм я гъусэуи и лэжьыгъэхэр егъэлъагъуэ, дунейпсо зэпеуэ зэхуэмыдэхэм жыджэру хэтщ. Абы и Iэдакъэщlэкlэр дуней псом щекIуэкI гъуазджэ, щэнхабзэ зэхьыхэхэм щагъэлъагъуэхэм я нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. И зэфIэкIым саугъэт, дамыгъэ зэхуэмыдэхэр къызэрыпэкIуари абы и щыхьэтщ. Пащтыр ДААД фондым и стипендиатщ, Бёлль Генрих и Фондым и грантыр, Германием и Кётен къалэм скульпторхэм я зэпеуэ щекIуэкIам и япэ саугъэтыр (2001 гъэ), медиа-артымкIэ Дрезден къыщызэрагъэпэща дунейпсо фестивалым и хъэщыпаткIуэхэм я саугъэтыр (2001 гъэ), «Буга-2007» зэпеуэм и етIуанэ саугъэтыр кьихьащ. Художественнэмкlэ урысей академием и дыщэ медальр (2014 гъэ) къыхуагъэфэщащ. Нидерландэм я «Тетероде график» саугъэтым и лауреатщ. 2014 гъэм ар ирагъэблагъащ керамикэ фарфорым теухуауэ игъэшIэн къэс зэ Корее Ипщэм щрагъэкIуэкI дунейпсо зэхьыхэм. Абыи дыжьын саугъэтыр къыщIихьащ.

Пащтым и лэжьыгъэхэр Штутгарт и къэрал галереем, Финляндием и Остроботнийскэ музеим, Художественнэмкlэ урысей академием, Дивногорск муниципальнэ музеим, Саксонии-Анхальт музеим, Корее Ипщэм керамикэмкlэ и Ичхон дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ фондым щахъумэ.

БЖЬЫХЪЭЛI Роззэ.

Метрий зи лъагагъ вазэр Германием щагъэлъагъуэ

Гъуаздджэм и цIыху

Хъэлыих Николай Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и музыкант пашэщ, егъэджакIуэ Iэзэщ.

ХЬЭЛЫШХ Николай Шэджэм Езанэ къуажэм 1941 гъэм къыщалъхъуащ. И адэ Хьэбалэ Хэку зауэшхуэм хэкIуадэри, и анэ Салимэ и пщэ къыщэхуащ бынитху ипIыну. Николай бынхэм я нэхъыщIэт. ГурыIуэгъуэщ ахэр гугъу зэрехьар. Николай зэрыжиIэжымкIэ, Нартан дэс я анэшхуэ Дыщэхъан нэмыщIэхэм ящи гъэпщIкIуу игъэтIылъа ерыскъыморэ гъавэмрэ мыхъуамэ, бынунэр мэжэщIаIагъэм къемыдынкIэ щынагъуэт.

И къуэш Хьэбас макъамэм хуэгурыхуэт, зэчиифIэт, дэтхэнэ зы макъамэ Iэмэпсымэми зыгуэр къригъэкIыфырт. Ар икIи щIалэ екIут, зыIэщIэлът, къафэу зыльагъуэхэм ягъэщIагъуэрт. «Кабардинка» Къэрал академическэ къэфакIуэ гупым ар хагъэхьат, арщхьэкIэ къуажэм икIыу къалэм махуэ къэс зэрымыкIуэфым къыхэкIыу абы хэныжащ.

И къуэш нэхъыжьыми хуэдэу, Николай макъамэм дихьэхырт. И анэ дэлъху Шырыт Щамил абыхэм я деж къэкIуэрейт. Николай ар балалайкэ еуэу щызэхихкIэ, къригъэкI макъамэхэр игу ириубыдэрт. КъищынэмыщIауэ, зауэ уэрэд зыбжанэ дзапэ уэрэду Iурылът.

КъБАССР-м и Министрэхэм я Советым и унафэкIэ, 1953 гъэм Налшык къыщызэIуахащ музыкэм щыхуагъаджэ школ-интернат, щIынальэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ музыкантхэр ягъэхьэзырын папщIэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм къуажэ-къуажэкIэ къакIухьурэ абы щеджэну ныбжьыщIэхэр къыхахащ. Абыхэм зэрахуэмызар Николай и жагъуэ хъуати, мурад ищIащ ещхь якIэлъыкIуэну. Урысыбзи имыщIэу, Налшыки имыщIыхуу ныбжьыщIэр лъэсу икIи лъапцIэу Налшык къакIуэри, щIэупщIэурэ школ-интернатыр къигъуэтащ. Джатэгъэжь Гъузер хуозэри, макъамэм хуеджэну къызэрыкIуар жреIэ. ЩIалэ цIыкIур пэшым щIишэу виолончелым зэреуэм зыкъомрэ едэIуа нэужь, егъэджакIуэхэри зэхуишэри къригъэпIащ. Абдеж къыщыжраIащ еджапIэм къащтэну зэрызыхьэныр. Николай гурыхуэтри, илъэсиблкIэ иджыри хуей программэр илъэситхум зригъэхъулIащ. Абы иужькIэ Джатэгъэжь Гъузер щ ар Орджоникидзе ишэу Музыкальнэ училищэм щIэзыгъэтIысхьар. Абы илъэсиплкIэ щеджащ. КъыкIэлъыкIуэу Саратов консерваторэр 1967 гъэм къиухащ. Къигъэзэжри Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием щылажьащ. Армением къикIа музыкант Арумян Хьэлышх Николай сабийхэр музыкэм зэрыхуригъаджэр апхуэдизкIэ игу дихьати, я щIыпIэм щылэжьэну ирригъэблагъат, арщхьэкIэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуаздджэхэмкlэ и къэрал институтым, Музыкэ училищэм щригъаджэ и гъэсэнхэр къыхуэгъэнакъым.

Николай цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэм хуригъаджахэм цIыху цIэрыIуэ, зэчиифIэ куэд къахэкIащ. И гъэсэнхэм яхэтщ Москва консерваторэр къыщызыухьажахэри, егъэджакIуэ Iэзэ къызыхэкIахэри, цIэрыIуэ хъуауэ хамэ къэралхэм щылажьэхэри. Апхуэдизкlэ Колодяжный Тимур, Еуаз Зубер, Хьэгъур Залым, ХьэхъупащIэ Амырхан, Хъуран Iэсият, Уэрдокъуэ Юлие, Джатэжьюкъуэ Хьэмид, Хъуэт Олег сымэ, нэгъуэщIхэри. Колодяжный Тимур «Щелкунчик» дунейпсо зэпеуэм пашэ щыхъури, Москва консерваторэм щеджэну ирагъэблагъащ. Хъуран Iэсият зы ильэсклI музыкэм хуигъэсауэ, етIуанэ гъэм лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм я зэпеуэу Ростов къыщызэрагъэпэщам фащэ щыгъуэ хэтащ икIи зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ. Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэм кIабгъэдэкIыу Николай ФIыщIэ тхылъ къыхуагъэхьауэ щытащ. Хьэлышхым и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ ар. Абы иригъаджахэмэ ящыгъупщэжхьым я зэфIэкIым зезыгъэжьа я гъэсакIуэ Iэзэр.

Мы зэманым Николай виолончелымрэ зыкIэпшынэмрэ хурегъаджэ Мэзло Заурбэкъан. ЩIалэ зэчиифIэр хуегъэхьэзыр Чайковскэм и фэеплъу Москва щекIуэкIыну зэпеуэм зэрыхэтынум. Кавказ Ищхъэрэм щыщ абы ягъэкIуэну кьыхаха ныбжьыщIэ 17-м яхэхуащ Мэзлор.

Макъамэм хуеджэхэм я Iэщlагъэм я щхьэ, я унагъуэ хуэщIауэ зэрагъэпсэун ахьшэ, пщIэ кьыхэрпэмыкIуэр, курыт школхэм макъамэм зэрыщыхурамыгъаджэр Хьэлышх Николай игу къоуэ. Аращ макъамэм дихьэх ныбжьыщIэхэм зэрыпсэуфын щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтмэ, я Iэщlагъэм темыхьэулеикIмэ нэхъыфIу къыщIилъытэр.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.

● Макъыщlэ

УэрэджыIакIуэ икIи артист

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къулейщ узэрыгушхуэ хъун уэрэджыIакIуэхэмрэ артист ныбжьыщIэхэмкIэ. УФ-м, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI гъуаздджэ, щэнхабзэ зэхьыхьэхэм ахэращ ди щIыналъэм щытхъу ин къащыхуэзыхьыр. Мы тхыгъэмкIэ фэдгъэцIыхуну Абэнокъуэ Рустам утыку зэрихьэрэ куэд мыщIами, зэфIэкI хэзыгъэхэр къэзыгъэлъагъуэ макъыщIэщ.

РУСТАМ Борыкъуей къуажэм и курыт еджапIэм и еханэ классым щIэсу уэрэд жыIэным дихьэхри, я жылэм Щэнхабзэмкlэ и унэм къыщызэрагъэпэщ зэхьыхьэхэм хэту щIидзащ.Ебгъуанэ классым щыкIуэм ар хьыхащ «Терчанка» цIыхубэ ансамблым. 2004 гъэм Кавказ Ищхъэрэм Гъуаздджэхэмкlи институтыр кIиухри, и щIэныгъэм щыпищащ Собинов Леонид и цIэр зэрихьэу Саратов дэт къэрал консерваторэм. Рустам лэжьэн щыщIидзар ди республикэм и Музыкэ театрырщ. ИтIанэ абы и зэфIэкI щигъэльэгъуащ Саратов къалэм дэт, оперэмрэ балетымкIэ академие театрым, Москва Дьэпкъ гъуаздджэхэмкIэ и Къэрал музыкэ театрым, Урысеидэхэм уэрэдымрэ къафэмкIэ и академие ансамблым. 2010 гъэм щыщIэдзауэ ар Налшык и Музыкэ театрым и солистщ.

ЦIыхухэм ягу дихьэу Абэнокъуэм егъэзащIэ операхэм щыщ ариехэр, романсхэр, эстрадэ уэрэдхэр.

Рустам сурэт техыным дехьэх, республикэм щекIуэкI концертхэр екIуу къызэрегъэпэщ икIи ахэр гукъинэу ирегъэкIуэкI.

Музыкэ театрым и дирижёр нэхъыщхьэ Щэбэтыкъуэ Натбий зэрыжиIэмкIэ, Москва зи щIэныгъэм щыхэзыгъахъуэу республикэм и щэнхабзэмрэ гъуаздджэмрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыну къэкIуэжа щIалэр жэуапльныгъэ ин пылъу лэжьыгъэм пэрытщ, нэхъыщхьэращи, абы куэдкIэ ущыгугъ хъунущ.

МЭСЕЙ Марьянэ.

Зи Iэпэм дыщэр къыпыщ

А жылIэгъуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ дыщэкI цIыхубз, дизайнер Iэпщlэлъапащlэ Балъкъыз ФатIимэ хуэдэу зэкIу цIыху къэгъуэтыгъуейщ.

ФАТIИМЭ зэрыцIыкIурэ гъуаздджэм, сурэт щIыным дахьэхыт. Пщащэм бгъэдэль зэчиим гу лъыхьыта адэ-анэм хъыджэбзыр нэхъри трагъэгушхуэу, абы зэрызрагъэужьыным сыт щыгъуи хущIэкъуу къекIуэкIащ. ФатIимэ етхуанэ классым щIэсу Налшык къыщызэIуаха художественнэ школым щIагъэтIысхьащ. Ар я гъэсэнщ егъэджакIуэ Iэзэхэу Кавпаков Геннадийрэ Братишко Валентинэрэ.

ФатIимэ и мурадкъым дыщэкI хъуну. СурэтыщI гъуаздджэм, живописым нэхъ дахьэхыри, сурэтхэр ищIыну, гъэпсэгъуэныгъэ зэхуэмыдэхэр къызэригъэпэщыну щIэхъуэпсырт. Ауэ, зыхуеджэну Iэщlагъэр къыщыхихыну пIалъэр къыщыблагъэм, и гури и псэри дихьэхащ дыщэкI Iэщlагъэм.

Дагъыстэн къалэм и художественнэ училищэм ФатIимэ щIэтIысхьэну щыкIуам, ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэр къэзыпщытэ гупым хэтхэм хъыджэбзым къыхраIат зыхуеджэну Iэхъум иджыри егупсысжьыну. Ауэ, абы мурад бгъдэ ищIати, экзаменхэр фIы дыдэу итри, а еджапIэм 1990 гъэм щIэтIысхьащ. 1999 гъэм Кубань къэрал университетым и художественно-графикэ факультетым и щIэныгъэм щыпищащ. Ар екъуIэныгъэкIэ къиуха нэужь, КъБКъУ-м декоративно-прикладной гъуаздджэмкIэ и факультетым (ДПИ) илъэсихкIэ щригъэджащ. Иджы Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ и уэрамым къыщызэIуиха Iуэхущ1апIэм и дэлъху Ахьмэд и гъусэу щолажьэ, мывэ лъапIэхэм, дыщэм, дыжьыным хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр къыхащIыкIыу.

2006 гъэм щыщIэдзауэ ФатIимэ хэтщ Урысейм и Сурэтыщlхэм я зэгухьэныгъэм. Кавказ Ищхъэрэм, Москва, Тунисым, Германием, нэгъуэщI щIыналъэхэм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм и лэжьыгъэхэр хагъэхьэ. 2003 гъэм ФатIимэ и лэжьыгъэхэр Налшык щагъэлъагъуащ. ЦIыхубз Iэпщlэлъапщlэм къыхуагъэфащащ Урысейм и Артийскэ комитетым и лауреат щIыхьыщIэр, Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я дыщэкI гъуаздджэр зэрихьумэм, къызэригъэщIэрэщIэжым, сабийжэмрэ щIалэгъуалэмрэ я Iэщlагъэ дахэм зэрыдригъэхьэхьи папщIэ.

Дыщэм, дыжьыным къыхищIыкIа, мывэ лъапIэхэмкIэ игъэщIэрэщIэжа хьэпшыпхэр щыпльагъукIэ дыщэкI гъуаздджэм и курыкIыр зыхьибощIэ. ФатIимэ жэуапльныгъэшхуэ пылъу егъэхьэзыр зыкъыхуэзыгъаззэкр зыщIэлъэу хьэпшып зэхуэмыдэхэр. Апхуэдэ дыщэ, дыжьынэкIэхэр унагъуэм къыхуэ щIэблэм зэрахьэныр, зэIэпэхьныр хабзэ хъуащ.

- Си Iуэхур къызэрекIуэкIам сыщегупсыскIэ, къызолъытэ а Iэщlагъэм сыкъыхуигъэщIауэ, - жеIэ ФатIимэ. - Зэгуэр си лъэпкъыр къызытехъуькIыжам и Iэщlагъэр хэсщтэжауэщ къызэрыслъытэр.

ФатIимэ зэрыжиIэмкIэ, и хьыджэбз унэцIэр - Хьэжыр - ди хэкум къэзыхьар дагъыстэн лъэпкъым къыхэкIащ. Аль-Азхар университетыр къэзыуха, Хьэжыкlэ зэджэ дагъыстэн щIалэр и къуэшым и гъусэу Каир къикIри, 1706 гъэм мы щIыпIэм къэкIуащ, ислъам диныр ди цIыхухэм къахихьэну. Ахэр ХьэтIохъущохъуэпщым и деж къыщыувыIэри, ди щIыналъэр псэупIэ яхуэхъуащ. А щIалэм адыгэ цIыхубз щхьэгъусэ хуэхъуащ. Абыхэм къатехъукIыжахэр адыгэ лъэпкъым хэшыпсыхьжащ икIи Хьэжы унэцIэр зэрахь.

ФатIимэ хабзэ, нэмыс щызекIуэ адыгэ унагъуэ дахэ исщ. ЦIыхубз Iэпщlэлъапщlэр, и анэ ХьэщIыкIу Нафисэти хуэдэу, жэуапльныгъэ зыхэлъ, бзылъхугъэ куэдым я щапхъэ цIыху пэж, щэныфIэ, акъылыфIэ хъужащ. ФатIимэ щхьэгъусэ хуэхъащ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат Балъкъыз Валерэ. Республикэм исхэм фIыуэ яцIыху, куэдым я чэнджэщэгъуэ цIыху акъылыфIэт Валерэ и адэ БетIали. Я нэхъыжьыфIхэм яхуэфащэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зым и лэжьыгъэр адрейм дигъэпсынщIу зэдопсу зэщхьэгъусэхэр.

Балъкъыз унэцIэр къызытехъукIам теухуауэ ФатIимэ къытхуиуIэтжари гъэщIэгъэнщ. Балъкъ Iуфэм нэхъапэм пшахъуэ язурэ дыщэ къыхахьу зэрыщытам а унэцIэр къытеткIащ. Иджы а лъэпкъым дыщэ щхьэкIэ пшахъуэ щIэзыгъэ щхьэусыгъуэ яIэжьхэм, зи Iэпэм дыщэ къыпыщ цIыхубз Iэпщlэлъапщlэ къахэхуащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гъуаздджэм и цIыху

Хъэлыих Николай Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и музыкант пашэщ, егъэджакIуэ Iэзэщ.

ХЬЭЛЫШХ Николай Шэджэм Езанэ къуажэм 1941 гъэм къыщалъхъуащ. И адэ Хьэбалэ Хэку зауэшхуэм хэкIуадэри, и анэ Салимэ и пщэ къыдэхуащ бынитху ипIыну. Николай бынхэм я нэхъыщIэт. ГурыIуэгъуэщ ахэр гугъу зэрехьар. Николай зэрыжиIэжымкIэ, Нартан дэс я анэшхуэ Дыщэхъан нэмыщIэхэм ящи гъэпщIкIуу игъэтIылъа ерыскъыморэ гъавэмрэ мыхъуамэ, бынунэр мэжэщIаIагъэм къемыдынкIэ щынагъуэт.

И къуэш Хьэбас макъамэм хуэгурыхуэт, зэчиифIэт, дэтхэнэ зы макъамэ Iэмэпсымэми зыгуэр къригъэкIыфырт. Ар икIи щIалэ екIут, зыIэщIэлът, къафэу зыльагъуэхэм ягъэщIагъуэрт. «Кабардинка» Къэрал академическэ къэфакIуэ гупым ар хагъэхьат, арщхьэкIэ къуажэм икIыу къалэм махуэ къэс зэрымыкIуэфым къыхэкIыу абы хэныжащ.

И къуэш нэхъыжьыми хуэдэу, Николай макъамэм дихьэхырт. И анэ дэлъху Шырыт Щамил абыхэм я деж къэкIуэрейт. Николай ар балалайкэ еуэу щызэхихкIэ, къригъэкI макъамэхэр игу ириубыдэрт. КъищынэмыщIауэ, зауэ уэрэд зыбжанэ дзапэ уэрэду Iурылът.

КъБАССР-м и Министрэхэм я Советым и унафэкIэ, 1953 гъэм Налшык къыщызэIуахащ музыкэм щыхуагъаджэ школ-интернат, щIынальэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ музыкантхэр ягъэхьэзырын папщIэ. КъэпщытакIуэ гупым хэтхэм къуажэ-къуажэкIэ къакIухьурэ абы щеджэну ныбжьыщIэхэр къыхахащ. Абыхэм зэрахуэмызар Николай и жагъуэ хъуати, мурад ищIащ еущ якIэлъыкIуэну. Урысыбзи имыщIэу, Налшыки имыщIыхуу ныбжьыщIэр лъэсу икIи лъапцIэу Налшык къакIуэри, щIэупщIэурэ школ-интернатыр къигъуэтащ. Джатэгъэжь Гъузер хуозэри, макъамэм хуеджэну къызэрыкIуар жреIэ. ЩIалэ цIыкIур пэшым щIишэу виолончелым зэреуэм зыкъомрэ едэIуа нэужь, егъэджакIуэхэри зэхуишэри къригъэпIащ. Абдеж къыщыжраIащ еджапIэм къащтэну зэрызыхьэныр. Николай гурыхуэтри, илъэсиблкIэ иджыри хуей программэр илъэситхум зригъэхъулIащ. Абы иужькIэ Джатэгъэжь Гъузер щ ар Орджоникидзе ишэу Музыкальнэ училищэм щIэзыгъэтIысхьар. Абы илъэсиплкIэ щеджащ. КъыкIэлъыкIуэу Саратов консерваторэр 1967 гъэм къиухащ. Къигъэзэжри Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием щылажьащ. Армением къикIа музыкант Арумян Хьэлышх Николай сабийхэр музыкэм зэрыхуригъаджэр апхуэдизкIэ игу дихьати, я щIыпIэм щылэжьэну ирригъэблагъат, арщхьэкIэ Кавказ Ищхъэрэм Гъуаздджэхэмкlэ и къэрал институтым, Музыкэ училищэм щригъаджэ и гъэсэнхэр къыхуэгъэнакъым.

Николай цIыхубэ макъамэ Iэмэпсымэхэм хуригъаджахэм цIыху цIэрыIуэ, зэчиифIэ куэд къахэкIащ. И гъэсэнхэм яхэтщ Москва консерваторэм къыщызэIуахьажахэри, егъэджакIуэ Iэзэ къызыхэкIахэри, цIэрыIуэ хъуауэ хамэ къэралхэм щылажьэхэри. Апхуэдизкlэ Колодяжный Тимур, Еуаз Зубер, Хьэгъур Залым, ХьэхъупащIэ Амырхан, Хъуран Iэсият, Уэрдокъуэ Юлие, Джатэжьюкъуэ Хьэмид, Хъуэт Олег сымэ, нэгъуэщIхэри. Колодяжный Тимур «Щелкунчик» дунейпсо зэпеуэм пашэ щыхъури, Москва консерваторэм щеджэну ирагъэблагъащ. Хъуран Iэсият зы ильэсклI музыкэм хуигъэсауэ, етIуанэ гъэм лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм я зэпеуэу Ростов къыщызэрагъэпэщам фащэ щыгъуэ хэтащ икIи зэхьэзэхуэм и лауреат хъуащ. Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэм кIабгъэдэкIыу Николай ФIыщIэ тхылъ къыхуагъэхьауэ щытащ. Хьэлышхым и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыщ ар. Абы иригъаджахэмэ ящыгъупщэжхьым я зэфIэкIым зезыгъэжьа я гъэсакIуэ Iэзэр.

Мы зэманым Николай виолончелымрэ зыкIэпшынэмрэ хурегъаджэ Мэзло Заурбэкъан. ЩIалэ зэчиифIэр хуегъэхьэзыр Чайковскэм и фэеплъу Москва щекIуэкIыну зэпеуэм зэрыхэтынум. Кавказ Ищхъэрэм щыщ абы ягъэкIуэну кьыхаха ныбжьыщIэ 17-м яхэхуащ Мэзлор.

Макъамэм хуеджэхэм я Iэщlагъэм я щхьэ, я унагъуэ хуэщIауэ зэрагъэпсэун ахьшэ, пщIэ кьыхэрпэмыкIуэр, курыт школхэм макъамэм зэрыщыхурамыгъаджэр Хьэлышх Николай игу къоуэ. Аращ макъамэм дихьэх ныбжьыщIэхэм зэрыпсэуфын щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэтмэ, я Iэщlагъэм темыхьэулеикIмэ нэхъыфIу къыщIилъытэр.

АРЩЫДАН Дахэнагъуэ.

« Шагъдий » ансамблыр утыку йохьэ

Унэжокъуэ зэщхьэгъусэхэу Тимуррэ Заремэрэ зи художественнэ унафэщI «Шагъдий» ансамблым иджыблагъэ къыфIащащ «цIыхубз» цIэр.

САБИЙХЭР къафэм, лъэпкъ хабзэм дегъэхьэхьи и лъэныкъуэкIэ «Шагъдий» ансамблым къалэнышхуэ егъэзащIэ. Гупым зэфIэкI иIэщ, республикэ, урысейпсо зэпеуэ зыбжанэм пашэ щыхъуащ, я къэфэкIэри куэдым гунэс ящохъу. Ансамблыр жыджэру хэтщ республикэм, Урысейм щекIуэкI щэнхабзэ фестивалхэм, къэфакIуэхэм я зэпеуэхэм. НыбжьыщIэхэр мызэмытIэу абыхэм пашэ щыхъуащ, я гъэсакIуэхэм я цIэр къыщIраIуащ. КъыщынэмыщIауэ, псапэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ, концертхэр я т, сабий сымаджэхэм ядолIэпыкъу.

«Шагъдий» ансамблым гъатхэпэм и 29-м сыхьэт 19-м Налшык къалэм и Курзалым концерт щитынущ. Абы и Iуэхур дгIыгъынущ Лосэн Тимур, Iэщlагъэпщ Артур, Мэремыкъуэ Резуан, Цокlыл Азэмэт, Мамий Аслъэн, Щоджэнцlыкlу Аслъэн, Дыщэкl Артур, ХьэхъупащIэ Амырхъан сымэ, нэгъуэщIхэр.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ТЕКIУЖЬ Заретэщ.

Лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа бзылъхугъэ гуащIафIэхэм ящыщщ Щэрий Маринэ. Тэрч щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм илъэс 30 хъуауэ и лэжьакIуэ, усакIуэ, уэрэдус бзылъхугъэм и Iэщlагъэр и лъым хэту къалъхуам хуэдэщ.

МАРИНЭ и лъэпкъым, адыгэ хабзэм щытепсэлъыхькlэ удимыхьэхьи пхуэзфIэкIыркъым, адыгагъэм и фIыгъуэ псори зыхэзыщIа бзылъхугъэм ар нэхъыбэм ригъэщIыхумэ, ригъэлъагъуэ сыт щыгъуи фIэкъабылщ. А лъэпкъ лъагъуныгъэращ абы илъэсищ и пэкlэ «Зэчий» щэнхабзэ центрым къыщIызэригъэпэщащ. «Ди щIыналъэм Iуэхуу къыщIэзтым я нэхъыбэр урысыбзэкlэ зэрырагъэкIуэкlыр сигу кьеуэрти, центрыр щIыззэгъэпэщащ», - жеIэ абы. Центрым и къалэн нэхъыщхьэ зэфIэкI зыбгъэдэлъ цIыхухэр утыку кърашэныщ. Пэжыр жыпIэмэ, а Iуэхур абыхэм мыIейуэ къохъулIэ, къыщынэмыщIауэ, ахэр адыгэбзэкlэ зэрылажьэм я пщIэр тIууащIэ ещI. Адыгэ усэ пшыхьхэр, концертхэр, анэхэм я зэпеуэхэр, «Ди нэхъыжьхэ, фи чэнджэщ дыкъэнэхъуащ» зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр, нэгъуэщI куэди къызэригъэпэщын хуэзфIэкIащ Маринэ.

«КъыхэгъэщIапхъэу къызэлъытэ ди щIыналъэм зэчий зыбгъэдэлъ куэд зэрисыр, абыхэм я лэжьыгъэхэр къызахьэлIэ, сэри зэрысхуэзэфIэкIкlэ защIызогъакъуэ. Апхуэдэ зыбжанэм я цIэ къисIуэну сыхуейт: хьэрычэтыщIэ Шыхьуэ Олег, пенсэ ныбжьым нэса Акъсорэ Хьэлим, ныбжьыщIэ цIыкIу Балъкъэр Идар. Абыхэм я макъ дахэм щIэдэIу псори ятхьэкъу. Зэрыфлъагъущи, ныбжьыкlэ зэхэдз диIэкъым, дэтхэнэми и зэфIэкlыр къэдгъэнаIуэмэ, зедгъэужьмэ ди хъуэпсапIэу аращ. Иджыблагъэ Хьэжу Анатолэ тхылъ гъэщIэгъуэн къыдигъэкIащи, абы пшыхь хуэтщыну ди мурадщ. ТщIэн догъуэт, ди дежкlэ нэхъыщхьэращи, Iуэхур къыддэзыIыгъын, ар къытхуэзыгъдэхэн ди мащIэкъым, длэжьым щIэупщIэ иIэщ».

Маринэ и зэфIэкI ди республикэми, абы и гъунапкъэхэми къыщигъэльэгъуащ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм щытекIуащ, республикэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм абы и усэхэр тетащ. Маринэ Тэрч щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и методист нэхъыжьщ, илажьыр куэд мэхъу, ауэ езыр зэрыщIыхьу гумызагъэм къыхэкIыу, лъэпкъым хуищIэр сыт щыгъуи фIэмащIащ. А цIыху гуапэм, нэфIэгуфIэм хуэзфIэкIамэ, зы цIыху щигъэнэ

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Адэкlи гъуэгуанэ кlыхь къикlуну

«Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэр ди щlыналъэм зэрыщекlуэкlрэ илъэс 15 ирикъущ. «Адыгэ псалъэ» газетым къыхилъхьауэ щыта а лъэпкъ Iуэхур жыджэру къыдальытащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, нэгъуэщl къэрал Iуэхущlапlэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, Республикэм и курыт еджапlэхэм, сабий садхэм щекlуэкlа фестиваль-зэпеуэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм яшыщт: анэдэлъхубзэм рэ лъэпкъ литературэмрэ, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ къэкlуэну щlэблэхэм яхуэхъумэныр, бзэр курыт школхэм зэрыщаджыр егъэфlекlуэныр, апхуэдэуи а Iуэхуэхэм хуэлажьэ егъэджакlуэ нэхъыфlэр наIуэ къэщlауэ гъэпсэкэныр, еджакlуэ зэчиифlэхэр белджылы къэщlауэ гъэгушхуэныр.

ФЕСТИВАЛЫМ кьикlуа гъуэгуанэ дахэм кърикlуахэр ягу кьагъэкlыжьын, абы зи гуащlэрэ щlэныгъэрэ хэзылъхьахэр ягъэпэжен мурадкlэ гъатхэпэм и 14-м, Адыгэ тхьабзэм и махуэм, гуфlэгъуэ зэхьыхьэ щекlуэкlащ Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ЖьэфIыцlэ Мухьэмэдрэ Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и лэжьакlуэ, фестиваль-зэпеуэр илъэс куэдкlэ езыгъэкlуэкlа Балэ Людмилэрэ я жэрдэмкlэ кьызэрагъэпэща зэхьыхьэм кърихьэлlат Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, сабий усакlуэ Щоджэн Леонид, Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зэрихьэу щlэ фондым и тхьэмадэ Щоджэнцlыкlу Леонид, республикэм и егъэджакlуэ, гъэсакlуэ нэхъыфlхэр, сабий зэчиифlэхэр, нэгъуэщlхэри.

ГуфIэгъуэ пшыхьыр кьызэIуэныха Балэ Людмилэ кьызэхуэсахэм кlэщlу ягу къигъэкlыжащ зэпеуэм апэ лъэбакъуэхэр зэричар, абы кlуэ пэтми зиужьырэ абы урысыбзэмрэ балъкъэрыбзэмрэ езыгъаджэхэри кьызэрыхьхьар.

- Илъэс бжыгъэ куэдкlэ сызыщдэлажьа егъэджакlуэхэр, нобэ мы зэIущlэм кърихьэлIахэр, фыслъагъуну си гуапэщ! Егъэджакlуэ Iэщlагъэм пэплъит хъун щыIэу кьыщlэкlынукъым. Лъэпкъым теухуауэ абыхэм ялъэкlыр кьулыкъушхуэ зиIэ дэтхэнэми хуэзэгъэмакlыным хуэдизщ. Сыту жыIэмэ, абы сабийм и лъэпкъыпсэр епсыхь, и лъэпкъыбзэр Iурелъхьэ, - жиIащ Балэм. - Гъуэгуанэ дахэ кьикlуащ фестивалым. ФIыщlэ ин яхуэфащэщ фестивалыр кьызыхуэтынщэу кьызэгъэпэщыныр тэмэму егъэкlуэкlынымрэ зи гуащlэшхуэ езыхьэлIахэм.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий псалъэ гуапэхэмкlэ захуигъэзащ гуфlэгъуэ зэIущlэм кърихьэлIахэм.

- Ди лъэпкъым хуэлажьэ, ди бзэр, хабзэр, нэмысыр тхуэзыхьуэ фестиваль-зэпеуэр кьызэгъэпэщахэми абы я кьару емыблэжу хэта егъэджакlуэхэми ину фIыщlэ фхузощl. Лъэпкъым фIы гуэркlэ хуэупсэну зигу илъ дэтхэнэми, япэрауэ, анэдэлъхубзэр хьумэным гулыитэ нэхъыбэ хуищlын хуейщ, - жиIащ Сэхъурокъуэм. Апхуэдэу ар гуапэу ехъуэхъуащ мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа сабий усакlуэ Щоджэн Леонид. Усакlуэ гъуэзэджэм и гуащlэм и мыхьэнэм щытепсэльыхьым, абы къыхигъащащ Леонид и Iэдакъэщlэкl усэхэм ди щlэблэ куэд зэрыщlапlыкlыр, адыгэбзэр егъэджыныкlэ абы и чэнджэщхэр щхьэпэ зэрыхъур.

Лъэпкъыбзэр хьумэным зи зэфIэкl хэзылъхьа, «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэр егъэкlуэкlыным жыджэру хэлэжьыха, «Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ кьудамэм и редактор Жыласэ Маритэрэ Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ министерствэм и пэжьакlуэ-эксперт Іэнатlэр илъэс куэдкlэ езыхьэкlа Балэ Людмилэрэ ДАХ-м и медалхэр хуагъэфэщащ. Егъэджакlуэхэу Сэрахъэ Людмилэ (Налшык дэт 25-нэ курыт еджапlэ), Хъуэст ФатIимэт (Нарткъалэ, 1-нэ лицей), Жэмыхъуэ Раисэ (Тырныауз, 6-нэ курыт еджапlэ) сымэ ДАХ-м кьыбгъэдэкlыу щlыхь тхьилъхэр Сэхъурокъуэ щызыIыгъ егъэджакlуэхэм.

Фестиваль-зэпеуэм и лэжьыгъэм фIыуэ щыгъуазэ, абы и жэрдэмщlакlуэ **ХьэфIыцlэ Мухьэмэд** хъуэхъу псалъэхэмкlэ захуигъэзащ лъэпкъ Iуэхур егъэфIэкlуэным хуэлажьэ, анэдэлъхубзэм и IофIагъыр сабиипсэм япэу зыхьезыгъащlэ, зи Іэнатlэм бжьыпэр щызыIыгъ егъэджакlуэхэм.

- «Си бзэ - си псэ, си дунейм» кьикlуа илъэс 15 гъуэгуанэм кlигъэльэгъуащ сабийхэм я бзэр дихьэхыу егъэджэныныкlэ, лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ кьулеягъым ахэр ешэлIэныныкlэ, лъэпкъ хабзэр, тхыдэр яфIэгъэщlэгъуэну зрагъэщlэныкlэ а зэпеуэм кьыпхуэмыльытэным хуэдизу мыхьэ-нэ зэриIэр, - жиIащ ХьэфIыцlэ Мухьэмэд.

Зэпеуэм утыку кьриша егъэджакlуэхэм, еджакlуэхэм я нэхъыфIхэр, илъэс 15-м кьриубыдэу абы нэхъ жыджэру хэтахэр ягъэпэжен мурадкlэ, кьрагъэблагъа посми щlыхь тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ хуагъэхьэзырат. Ялэу утыку кьрашащ республикэм и щlыналъэу зэпеуэм хэтахэм я лыкlуэхэр. Абыхэм ящышщ:

Тэрч щlыналъэм:

Терекскэ, Дейскэ, Акъбащ Ипщэ, Арыкъ, Красноармейскэ, Урожайнэ, Тамбовскэ къуажэхэм щlыIэ курыт школхэр; Терекскэ, Арыкъ, Дейскэ къуажэхэм дэт сабий садхэр; Тэрч къалэ щlыIэхэу 3-нэ сабий сад - пэщlэдзэ школымрэ 2-нэ прогимназиемрэ;

Шэрэдж щlыналъэм:

Къэхъун дэт 1-нэ, Аруан, Псыкуэд, Джэрмэншык, Чернэ Речкэ 1-нэ, Старэ Шэрэдж, Нарткъалэ 6-нэ, 2-нэ, Къардэн зэкъуэшхэм я цlэр зэрихьэу Аушыджэр щlыIэ курыт еджапlэхэр; Нарткъалэ и 1-нэ сабий садымрэ 1-нэ лицеймрэ;

Іуащхьэмахуэ щlыналъэм:

Тырныауз къалэм щlыIэ 2-нэ, 6-нэ курыт еджапlэхэр, 5-нэ прогимназиер;

Лэскэн щlыналъэм:

Арщыдан къуажэм щlыIэ 1-нэ, 3-нэ курыт еджапlэхэр; 3-нэ сабий садыр; Хьэтуей къуажэм, Анзорей дэт 1-нэ, Урыху щlыIэ 2-нэ курыт еджапlэхэр;

Шэджэм щlыналъэм:

Лашынкъей къуажэм дэт 1-нэ курыт еджапlэр; Шэджэм ЕтIуанэ щlыIэ 1-нэ, 2-нэ курыт еджапlэхэмрэ «Насыр» сабий сад - пэщlэдзэ школымрэ; Шэджэм Къана дэт 1-нэ, 4-нэ, Нартан къуажэ щlыIэ 1-нэ, 2-нэ курыт еджапlэхэр; Щхьэлыкъуэ дэт 1-нэ курыт школыр;

Прохладнэ щlыналъэм:

Альтуд 1-нэ, Псынщокъуэ, Къэрэгъэщэ жылэхэм я 1-нэ, 2-нэ курыт еджапlэхэр; Къэрэгъэщэ къуажэм дэт сабий садыр;

Дзэлыкъуэ щlыналъэм:

Сэрмакъ къуажэм дэт 2-нэ курыт еджапlэмрэ 2-нэ сабий садымрэ; Дзэлыкъуэ-къуажэ щlыIэ 1-нэ курыт еджапlэмрэ прогимназиемрэ; Къамылыкъуэ дэт курыт еджапlэмрэ сабий садымрэ; Къармэхъэблэ къуажэм щlыIэ 2-нэ курыт еджапlэр;

Бахъсэн щlыналъэм:

Къулъкъужын Ипщэ щlыIэ 2-нэ, Куба къуажэм и 1-нэ, 2-нэ, Илъэмей къуажэм дэт 1-нэ, 3-нэ курыт еджапlэхэр; ХьэтIохъуэщыкlуэй, Бахъсэнёнок, Илъэмей къуажэхэм щlыIэ сабий сад - пэщlэдзэ школхэр;

Бахъсэн къалэм:

1-нэ, 3-нэ, 8-нэ, 10-нэ курыт еджапlэхэр;

Налшык къалэм:

1-нэ гимназиер, 2-нэ лицейр; 4-нэ, 5-нэ, 7-нэ, 17-нэ, 20-нэ, 21-нэ, 23-нэ, 24-нэ, 25-нэ, 26-нэ, 27-нэ, 30-нэ, 31-нэ курыт еджапlэхэр; 4-нэ, 13-нэ, 14-нэ, 29-нэ гимназиехэр; 20-нэ, 72-нэ, 38-нэ, 55-нэ, 40-нэ сабий сад - пэщlэдзэ школхэр;

Республикэ интернат еджапlэхэу:

Нартан къуажэм щlыIэ 5-нэ, Налшык къалэ дэтхэу 1-нэ, 3-нэ интернатхэр.

ГуфIэгъуэ махуэшхуэм и кьызэгъэпэщакlуэхэм ягъэлъэпlащ фестивалым и щlыдэм кьриубыдэу къэпщытакlуэ гулъхэр нэхъ жыджэру хэтахэр. Абыхэм ящышщ Къэзанш Людмилэ, Балэ Людмилэ, Жыласэ Маритэ, ДыщэкI Марие, Сэрахъэ Людмилэ, Бекъан Масирэт, Токъу Сарэ, Апажэ Маринэ, Хъуэст ФатIимэт, Мэшыкъуэ Іэсият, Жэмыхъуэ Раисэ, ПкытIыкI Любэ, Нанэ Любэ, Елмэс Людмилэ, Тэнащ Тамарэ, Шэшэн Людмилэ, Вындыжь Марие, Табыхъу Ларисэ, Ефэнды Маринэ, Кlулым Риммэ, Хьэрэдурэ Эммэ, Нэгъуей Саримэ, Инчы Иринэ, Хьэгъур Светланэ, КlуантIэ Лимэ, ЛIыIэщын Людмилэ, Къарэжь Тамарэ, Щамырзей Иринэ, Сыжажэ Ларисэ, Кlаскъул Иринэ, Кlымыкъу Светланэ, Хьэжнэгъуей Еленэ, МахуэлI Хьаджэт, Ныбжь Таисэ, НэщlэпыджэЗамирэ, Щхьэщэмыщl Иэз, Согуэ Жаннэ, Балъкъуэ Фаридэ сымэ.

Анэдэлъхубзэр езыгъэджэжэм я Урысейпсо зэпеуэу Москва къалэ илъэс къэс щрагъэжьэкlым ди республикэм икlахэм хэнейрэ текlуэныгъэр щызыIэрагъэхьащ. Апхуэдэу ди щlыналъэм, ди лъэпкъым и цlэр фIыкlэ жыжьэу зыгъэIуа егъэджакlуэхэри ягъэлъэпlащ а махуэм. Апхуэдэщ Бекъан Масирэт (2007), Мэшыкъуэ Іэсият (2008), Нэхущ Залинэ (2009), Хур Мадинэ (2010), Кlымыкъу Светланэ (2011), Ефэнды Маринэ (2012) сымэ. Зи цlэ кьыдгъэлъэгъуа егъэджакlуэхэр ноби мэлажьэ зыпэрыт Іэнатlэр ягъэбжьыфIэу.

Егъэджакlуэм и зэфIэкlкlэр кьызэрупщытэ хъуну Іэмалхэм ящыщу нэхъыщхьэр абы и гъэсэнэхэм яIэ зэфIэкlырщ, иригъэдж предметым сабийхэр зэрыхуащытырщ. Ищхьэкlэ зэрыщыжьыIащи, Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм кърагъэблагъат сабий зэчиифIэхэри - анэдэлъхубзэр фIыуэ зыльагъуэр, тхэн Іэщlагъэм дихьэххэр, адыгэбзэмкlэ щlыпlэ, республикэ олимпиадэхэм щытекlуахэр, лъэпкъым ехьэпlа нэгъуэщl гъуэгуанэхэми жыджэру хэтхэр. Абыхэм ящыщу ягъэлъэпlащ Шыбзыхъуэ Дианэ (Плановскэ, 2-нэ курыт еджапlэ, 11-нэ класс); Марыщ Залинэ (Дейскэ курыт школ, 6-нэ класс); Джатэгъэжь Жамболэт (Тамбовскэ, 5-нэ класс), Хэрдэщ Ахьмэд (Тамбовскэ, 6-нэ класс); Кlуащ Алим (Инарыкъуэкlуей, 10-нэ класс); Бэлэтокъуэ Алинэ (Урожайнэ, 11-нэ класс); Лыджыдэ Аминэ (Сэрмакъ, 9-нэ класс); Щоджэн Даянэ (Сэрмакъ, 7-нэ класс); Шал Иланэ (Кlэармэхьэблэ, 9-нэ класс); Бэдракъ Аслъэн (Шэрэдж щlыналъэ, 5-нэ класс); Щхьэгъэпсо Заретэ (Шэрэдж щlыналъэ, 10-нэ класс.); Урыс Алинэ (Шэрэдж щlыналъэ); Ефэнды Заремэ (Шэрэдж щlыналъэ, 11-нэ класс); Гъэнгъэпщ Радимэ (Къэрэгъэш, 9-нэ класс); Гъудэ Алинэ (Къэрэгъэш, 8-нэ класс); Кlуумыкъу Алинэ (Къэрэгъэш, 10-нэ класс); Уэркъуасэ ФатIимэ (Кlулъкъужын, 9-нэ класс); Хъуран Юлие (Кlыщтэк, 8-нэ класс); Бесльэней Фаинэ (Псыхъурей, 11-нэ класс); Бабыгуей Миланэ (Кlуулъкъужын Ипщэ, 8-нэ класс); Балъкъэр Алинэ (Кlыщпэк, 9-нэ класс); Чэрим Марьянэ (Кlыщпэк, 8-нэ класс); Щокъуий Роксоланэ (Кlулъкъужын Ищхьэрэ, 8-нэ класс); Кlуэдзокъуэ Фаридэ (Баxъсэн кьалэ, 8-нэ курыт еджапlэ); Кlуэдзокъуэ Миланэ (Шэджэм) сымэ.

Ди республикэм и егъэджакlуэ нэхъыфIхэм ящыщхэми я цlэ кьрамыIуэу кьагъэнакъым. Я кьаруи я зэмани емыблэжу, ехьулIэныгъэхэр кьагъэлъагъуэу я лэжьыгъэ Іэнатlэм зэрыбгъэдэтым и щlыхь зэрыщlэ, абыхэм къыхуагъэфэща Щlыхь тхьилъхэмрэ саугъэтхэмрэ. Абыхэм ящышщ Щомахуэ Дусэ (Тамбовскэ); Джазэ Тамарэ (Шэджэм ЕтIуанэ); Хьэрэдурэ Аллэ (Инарыкъуей), Лыхь Людмилэ (Шэкъмэхьэблэ); Багъ Зэхьирэт (Альтуд); Пщыкъуэ Ритэ (Къэрэгъэш, 1-нэ курыт школ); Кlуэщlысокъуэ Мадинэ (Кlулъкъужын Ипщэ, 1-нэ школ); Тхьэкъуэхъуэ Фоэз (Кlыщпэк); Кlанкъул Риммэ (Куба, 1-нэ школ); Нэгуэр Аминэ (Куба, 2-нэ школ); Лу Заретэ (Псыкlэху); Шыбзыхъуэ ФатIимэ (ХьэтIохъущыкlуей, 2-нэ курыт еджапlэ); Нэзар Марьянэ (Баxъсэн, 9-нэ школ); Быгуй Лена (Баxъсэн, 3-нэ школ); Багъэтыр Маринэ (Баxъсэн, 10-нэ школ); Елмэс Людмилэ (Баxъсэн, 6-нэ школ); Шорэ Елизаветэ (Баxъсэн, 1-нэ школ); Бырмамыт ФатIимэ (Баxъсэн, 4-нэ школ); Щтым ФатIимэ (Илъэмей, 1-нэ школ); Бищlо Мафурэ (Хьэтуей); Мэшыкъуэ Любэ (Арщыдан, 1-нэ школ); Гъуэкlэпщокъуэ Іэсият (Джэрмэншык); Иуан Жаннэ (Джэрмэншык); Гъащтэ Анетэ (Къэхъун, 1-нэ школ); Кlуущхьэ Ритэ (Нарткъалэ, 6-нэ школ); Хъуэст ФатIимэт (Нарткъалэ, 1-нэ лицей); КlэмыргуейТося (Тырныауз, 2-нэ школ); Шыгъушэ Заремэ (Тырныауз, 5-нэ гимназие); Шыгъушэ Ритэ (Тырныауз, 5-нэ гимназие); Кlуныжь Ларисэ (Нартан, 1-нэ школ); Кlалакlуэ Жэнпагуэ (Нартан, 2-нэ школ); Хьэмыкъу Софят (Нартан, 2-нэ школ); Сабий Фуэз (Нартан); Тэнащ Маринэ (Псыкуэд); Мэремыкъуэ Жаннэ (Псынабэ); Къэрдэн Хуамей (Нарткъалэ, 2-нэ школ); Вэрокъуэ Іэминэ (Нарткъалэ, 2-нэ школ);

Налшык къалэ курыт еджапlэхэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджжэу Къурмэн Эммэ (5-нэ), Урыс Сэлимэт (12-нэ), Багъ Марьям (14-нэ), МахуэлI Ларисэ (20-нэ), Сэрахъэ Людмилэ (25-нэ), Дэхъу Ритэ (26-нэ), Тучыдэ Анусэ (27-нэ), Дэгу ФатIимэт (27-нэ), Ефэнды Маринэ (29-нэ), Сэбаншы Сэлимэт (32-нэ) сымэ ягъэпажащ.

Кlыдэкlуэтей щlэблэр егъэджэныкlэ, ахэр зэкъупсэу гъэсэныкlэ ехьулIэныгъэфIхэр кьагъэлъагъуэу зи Іэнатlэр ильэс куэд щlауэ езыхьэкlэу Бахъсэн куейм егъэджэныгъэмкlэ и управленэм и методист Нанэ Любэ, пэщlэдзэ классхэр Дейскэ къуажэм щезыгъаджэ Токъу Сарэ, Лашынкъей школым и унафэщl, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэ Дыщэкl Марие сымэ «Щоджэнцlыкlу Алий и медаль» яритащ. Тхакlуэшхуэм и цlэр зезыхьу Анусэ (27-нэ), Дэгу ФатIимэт (27-нэ), Ефэнды Маринэ (29-нэ), Сэбаншы Сэлимэт (32-нэ) сыми ягъэпажащ.

Кlыдэкlуэтей щlэблэр егъэджэныкlэ, ахэр зэкъупсэу гъэсэныкlэ ехьулIэныгъэфIхэр кьагъэлъагъуэу зи Іэнатlэр ильэс куэд щlауэ езыхьэкlэу Бахъсэн куейм егъэджэныгъэмкlэ и управленэм и методист Нанэ Любэ, пэщlэдзэ классхэр Дейскэ къуажэм щезыгъаджэ Токъу Сарэ, Лашынкъей школым и унафэщl, адыгэбзэмрэ литературэмкlэ егъэджакlуэ Дыщэкl Марие сымэ «Щоджэнцlыкlу Алий и медаль» яритащ. Тхакlуэшхуэм и цlэр зезыхьу Анусэ (27-нэ), Дэгу ФатIимэт (27-нэ), Ефэнды Маринэ (29-нэ), Сэбаншы Сэлимэт (32-нэ) сыми ягъэпажащ.

Къудэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*. Компьютерклэ газетым и теплъэр ящlащ Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКlЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфIыцlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъуэрыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Замирэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Кlыдзыгъэкlэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущlапlэхэм ядлэжьэныкlэ - 42-60-53; хьыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 47-32-15; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущlапlэм -42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщlэта Іуэхутеуэхэм я пэжагъыкlэ аузр зыгъаIэм ихъу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епIыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаугъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокlI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкlыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Заирэ *(1, 4-нэ нап.)*, Мырзэкъан ФатIимэ *(2, 3-нэ нап.)*. Компьютерклэ газетым и теплъэр ящlащ Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №490